



Pou Piblikasyon Imedya: 10/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GWO AKSYON POU LITE KONT OGMANTASYON NAN SEZON IVÈ A AK ANPECHE DERANJMAN NAN BIZNIS YO AMEZI KA COVID-19 YO AK OSPITALIZASYON YO AP OGMANTE NAN TOUT ETA A**

*Hochul pataje fristrasyon Nouyòkè yo avèk ogmantasyon nan sezon ivè a, li di nou pa oblije isit la men nou la*

*Hochul remèsye plis pase 80% Nouyòkè yo dèske yo vaksinen konplètman epi ap fè sa ki kòrèk la*

*Pou pwoteje sante Nouyòkè yo, biznis ak sit yo dwe aplike yon egzijans pou mask oswa egzije prèv sityasyon vaksinasyon konplè*

*Hochul bay opsyon pou biznis yo avèk egzijans pou mask oswa vaksen*

*Eta a pral re-evalye mezi a nan 15 janvye 2022*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a mask yo pral obligatwa pou moun mete nan tout espas piblik ki fèmen yo amwenske biznis yo oswa sit yo aplike yon egzijans pou vaksen. Se yon gwo aksyon pou rezoud pwoblèm ogmantasyon pandan ivè a amezi [ka ak ospitalizasyon pou COVID-19 yo ap ogmante nan tout Eta a](#) pou kapab aliyen avèk [rekòmandasyon CDC](#) yo pou kominote yo ki gen transmisyon konsiderab ak wo. Komisè Sante Eta a te pibliye yon detèminasyon ki solidifye egzijans lan.

Detèminasyon sa a baze sou pousantaj ka sou sèt jou, chak semèn nan Eta a ansanm ak ospitalizasyon yo k ap ogmante. Nouvo egzijans pou biznis ak sit yo agrandi pou kliyan ak pèsonèl yo. Mezi sa antre anvigè nan 13 desanm 2021 jiska 15 janvye 2022, apre sa Eta a pral re-evalye sou baz kondisyon aktyèl yo. Nouvo mezi a pote plis kouch rediksyon pandan sezon fèt la kote moun yo pase plis tan anndan sant komèsyal, rasanble ak vizite destinasyon ki gen tèm fèt.

“Tankou Gouvènè a, de priyorite prensipal mwen yo se pou pwoteje sante Nouyòkè yo ak pwoteje sante ekonomi nou an. Mezi tanporè yo ke m ap pran jodi a pral ede akonpli sa a pandan sezon fèt la. Nou pa ta dwe atenn nivo kote n ap fè fas ak yon ogmantasyon nan peryòd ivè a, espesyalman avèk vaksen an ki a dispozisyon nou, epi mwen pataje fristrasyon anpil Nouyòkè kote nou poko fini ak pandemi sa a”, **Gouvènè Hochul te deklare.** “Mwen vle remèsye plis pase 80 pousan Nouyòkè ki te fè sa ki

kòrèk pou yo vaksinen konplètman. Si lòt yo pa swiv menm bagay la, mezi sa yo p ap nesesè ankò".

"Mwen te avèti pandan plizyè semèn ke gen mezi siplemantè ki t ap ka nesesè, epi kounye a, nou nan nivo sa a akòz twa endikatè sa yo: Ka yo k ap ogmante, kapasite lopital yo ki redui ak pousantaj vaksinasyon yo ki pa sifi nan kèk zòn", **Gouvènè Hochul te ajoute.**

Depi Aksyon Degras la, pousantaj ka mwayèn sou sèt jou a te ogmante nan 43% epi ospitalizasyon yo te ogmante nan 29%. Pandan pousantaj Nouyòkè yo ki konplètman vaksinen kontinye ogmante—2% ajoute nan wikenn Aksyon Degras la jiskaprezan—ogmantasyon an pa rapid ase pou frennen konplètman pwopagasyon viris la espesyalman pami kominote ki gen kouvèti vaksinasyon ba.

Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta a te pwodui etid prensipal nan peyi a, ki te pibliye nan [MMWR](#) CDC ak [Journal Medsin Nouvèl Angletè](#) a, ki demontre efikasite vaksen COVID-19 yo - espesyalman pou anpeche maladi grav. Depatman an kontinye rekòmande Nouyòkè tout laj ki kalifye yo pou yo vaksinen konplètman ak pran dòz siplemantè osito sa posib.

**Komisè Sante pa Enterim nan Doktè Mary T. Bassett, te deklare,** "Pwopagasyon nan kominote a egzije yon solisyon kominotè, pandan varyant Omikwon an ap emèje epi varyant Delta ki vreman dominan an ap kontinye sikile. Nou gen zouti nou bezwen pou pwoteje nou kont viris la - epi kounye a nou dwe asire nou itilize yo. Genyen zouti chak moun kapab itilize epi gen aksyon nou kapab pran kòm gouvènman. Lè w pran vaksen an, li pwoteje ou, epi mete yon mask se fason nou pral pi byen pwoteje youn lòt. Vaksinasyon ak mete mask nesesè pou ralanti ogmantasyon COVID-19 pandan ivè sa a".

Yon vyolasyon nenpòt dispozisyon nan mezi sa a sijè ak tout penalite sivil ak kriminel, sa gen ladan yon amann maksimòm 1,000 dola pou chak vyolasyon. Yo mande depatman sante lokal yo pou yo ranfòse egzijans sa yo.

### **Egzijans prèv vaksinasyon konplè nan biznis/sit**

Biznis ak sit ki aplike yon egzijans pou prèv vaksinasyon kapab aksepte kat Excelsior Pass, Excelsior Pass Plus, SMART Health ki te emèt andeyò Eta New York oswa yon kat vaksinasyon CDC. An akò ak definisyon CDC pou vaksinen konplètman, vaksinasyon konplè defini kòm dènye dòz vaksinasyon yon moun nan dènye 14 jou yo nan seri vaksen inisyal yo (14 jou apre dezyèm dòz yon vaksen de dòz Pfizer-BionTech ak Moderna; 14 jou apre yon vaksen yon sèl dòz Janssen/Johnson & Johnson). Eta a aksepte tou vaksen WHO apwouve pou rezon sa yo. Paran ak responsab yo kapab rekipere ak sere yon Excelsior Pass ak/oswa Excelsior Pass Plus pou timoun oswa minè yo ki anba gad legal.

### **Egzijans pou Mete Mask nan Biznis/Sit**

Biznis ak sit yo ki aplike yon egzijans pou mask dwe asire tout kliyan ki gen de ane ak pi gran yo mete yon mask toutan yo anndan.

### **Egzijans pou Mask Kontinyèl**

Moun ki pa vaksinen yo kontinye rete responsab pou yo mete mask, konfòmman ak [direktiv federal CDC](#). Anplis de sa, egzijans Eta a pou mete mask kontinye rete anvigè pou [lekòl preskolè rive 12èm](#), transpò piblik, abri pou sanzabri, sant koreksyonèl, mezon retrèt ak sant swen sante yo dapre difrektiv CDC yo.

Eta New York ak Depatman Sante Eta a rekòmande anpil pou nou mete mask nan tout espas piblik ki fèmen kòm yon kouch pwoteksyon siplemantè, menm lè yo pa egzije sa. Timoun ki gen 2 - 5 ane rete pa kalifye pou vaksinasyon an epi dwe mete yon mask ki apwopriye.

Vaksen COVID-19 ak [dòz siplemantè](#) yo gratis epi disponib nan tout eta a. Nouyòkè yo kapab vizite [vaccines.gov](#), voye kòd postal yo atravè mesaj tèks bay 438829 oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn lokal ki toupre yo. Pou pran yon randevou nan yon sit vaksinasyon an mas Eta a jere, Nouyòkè yo ka vizite [paj Èske Mwen Elijib \(Am I Eligible\) la](#). Nouyòkè yo ka kontakte tou founisè swen sante yo, depatman sante konte yo, Sant Sante ki Kalifye nan nivo Federal (Federally Qualified Health Centers, FQHCs) yo, sant sante riral yo oswa famasi yo.

Nouyòkè ki elijib yo kapab rekipere Kat Excelsior Pass oswa Excelsior Plus yo a [isit la](#). Biznis ak sit yo kapab telechaje [aplikasyon Excelsior Pass Scanner](#)—gratis pou nenpòt biznis nan monn lan epi disponib nan plis pase dis lang—[isit la](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](#)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](#) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)